

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN


3.1 Desain Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan digunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode deskriptif. (Moleong, 2015, kc. 6) nétélakeun yén panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan anu miboga tujuan pikeun maham kana fénoména ngeunaan naon-naon anu kaalaman ku subjék panalungtikan misalna paripolah, persepsi, motivasi, tindakan jeung lain sajabana, sacara holistik sarta ku cara deskripsi dina wangu kekecapan jeung basa, dina hiji kontéks anu husus nu alamiah ku cara ngamanfaatkeun métode alamiah.

Métode déskriptif, nurutkeun (Arikunto, 2013, kc. 3), mangrupa métode anu dimaksud pikeun nalungtik kaayaan, kondisi atawa hal-hal séjén anu geus disebutkeun, anu hasilna ditulis dina wangu laporan panalungtikan.

Hal-hal anu didéskripsikeun dina ieu panalungtikan nyaéta aspék kedaling dina kumpulan carpon *Kasambet* karya Ahmad Bakri anu ungarana dipasing-pasingkeun dumasar kana wujud, wanda, jeung fungsi kalimah aspék kedaling.

Dumasar kana pamarekan kualitatif kalawan métode deskriptif, desain panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyoko kana galur saperti ieu di handap.



Bagan 3.1. Desain Panalungtikan

3.2 Sumber Data

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 172) anu dimaskud sumber data dina panalungtikan nyaéta subjék timana data bisa dimeunangkeun. Umpamana panalungtik ngagunakeun kuesioner atawa wawancara dina ngumpulkeun datana, mangka sumber data disebut réspondén, nyaéta jalma anu ngarépson atawa ngajawab patalékan-patalékan panalungtik, boh éta sacara lisan boh tulisan. Umpama panalungtik ngagunakeun téhnik obsérvasi, mangka sumber datana bisa mangrupa benda, gerak atau prosés hiji hal.

Dina ieu panalungtikan nyaéta sakabéh wujud, wanda jeung fungsi kalimah aspék kedaling nu kapaluruh dina kumpulan carpon *Kasambet* karya Ahmad Bakri. Ari sumber datana nyaéta kumpulan carpon *Kasambet* karya Ahmad Bakri. Dina berita.upi.edu ieu carpon kungsi meunang hadiah Sastra Samo soedi taun 2015.

Ieu kumpulan carpon kandelna 68 kaca, ukurang buku 22x15, jilid buku warna bodas. Dina kumpulan carpon *Kasambet* miboga 9 Sub judul, nyaéta (1) *Kasambet*, (2) *Budak Yatim*, (3) Lebaran, (4) *Mulan*, (5) *Jalir*, (6) *Si Oji Ragrag*, (7) *Nu Jajaluk*, (8), *Si Asdi Diculik*, jeung (9) *Ma Awit Geuring*. Carita-carita dina kumpulan carpon *Kasambet* mangrupa kumpulan episodeu kahirupan sapopoé Jang Udin, anak Juru-tulis désa jeung babaturanana. Ahmad Bakri méré atikan, pengajaran, jeung tungtunan hususna ka barudak ngeunaan tata krama urang Sunda, upamana dina ngahormat ka kolot jeung ka nu leuwih kolot, miasih ka nu leuwih ngora atawa kanu sangsara, hadé tur akur jeung babaturanana, jeung sajabana.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 192) instrumén panalungtikan nyaéta alat anu dipaké dina waktu panalungtikan anu ngagunakeun hiji métode. Instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan téh nyaéta kartu data. Sakabéh data aspék kedaling dina kumpulan carpon *Kasambet* karya Ahmad Bakri disalin dina kartu data sarta dibéré idéntitas. Masing-masing idéntitas nuduhkeun judul carpon, kaca, ungkara, jeung posisi kalimahna anu satulunya diulik deui aspék kedaling na.

Sabada disalin dina kartu data, éta data disalin deui kana tabél nu geus di pasing-pasing dumasar wanda jeung fungsi. Anapon conto kartu datana saperti ieu di handap.

Kartu Data

NO DATA	(076)
Analisis	“Uing mah karunya ka si Émén téh.” Cek Oji. (K/BY/18/O19)
Wujud	<input type="checkbox"/> 1A ✓ <input type="checkbox"/> 1B <input type="checkbox"/> 1C <input type="checkbox"/> 1D
Wanda	<input type="checkbox"/> 2A <input type="checkbox"/> 2B <input type="checkbox"/> 2C ✓ <input type="checkbox"/> 2D <input type="checkbox"/> 2E <input type="checkbox"/> 2F
Fungsi	<input type="checkbox"/> 3A <input type="checkbox"/> 3B <input type="checkbox"/> 3C ✓ <input type="checkbox"/> 3D

Bagan 3.2

Keterangan

- K : Kasambet
- BY : Budak Yatim
- 18 : Kaca
- O19 : Omongan ka-19
- 1A : Wawaran
- 2C : Emosi
- 3C : Éksprésif

Dina kartu data aya informasi ngeunaan, (1) carpon kasambet, (2) sub judul palaku, (3) kaca carpon, (4) omongan, (6) wujud aspék kedaling , (7) wanda aspék kedaling , jeung (8) fungsi kalimah.

3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik ulikan pustaka. Téhnik ulikan pustaka dilaksanakeun ku cara nalaah buku sumber nu geus aya pakuat-pakaitna jeung konsép tioritis sarta bahasan pasualan panalungtikan (Arikunto, 2013, kc. 85).

Dumasar kana pedaran di luhur, kawangun léngkah-léngkah nu dilakukeun pikeun ngumpulkeun data panalungtikan, nyaéta.

- 1) Nangtukeun sumber data anu mangrupa basa Sunda ragam tinulis nyaéta kumpulan carpon *Kasambet* karya Ahmad Bakri;
- 2) Maca kumpulan carpon *Kasambet* karya Ahmad Bakri;
- 3) Nyirian omongan nu ngandung wujud, wanda jeung fungsi kalimah aspék kedaling dina kumpulan carpon *Kasambet* karya Ahmad Bakri;

- 4) Nyalin omongan nu ngandung wujud, wanda jeung fungsi kalimah aspék kedaling dina kumpulan carpon *Kasambet* karya Ahmad Bakri kana kartu data
- 5) Nyusun kartu data dumasar kaca.

3.5 Téhnik Ngolah Data

Nurutkeun Nazir (2014, kc. 315) anu dimaksud téhnik ngolah data atawa analisis data nyaéta ngelompokkeun, nyieun hiji runtuyan, ngamanipulasi, sarta nyinggetkeun data sangkan babari dibacana. Dina ieu panalungtikan, data anu geus kapaluruh tuluy diolah ngagunakeun téhnik analisis unsur langsung. Anu dianalisis dina ieu panalungtikan nyaéta wanda aspék kedaling .

Dumasar kana pedaran di luhur, léngkah-léngkah nu dina nganalisis data, nyaéta.

- 1) Mariksa deui data aspék kedaling nu geus dikumpulkeun;
- 2) Nyieun papasingan wujud, wanda jeung fungsi aspék kedaling ;
- 3) Nganalisis wujud, wanda, jeung fungsi aspék kedaling anu kapaluruh;
- 4) Ngadéskripsiun wujud, wanda, jeung fungsi aspék kedaling anu kapaluruh;
- 5) Maparkeun wujud, wanda, jeung fungsi aspék kedaling ;
- 6) Nyieun kacindekan tina hasil analisis data.

Dina nyieun papasingan data dilaksanakeun ku cara méré nomer kode, nu nuduhkeun wujud aspék kedaling dicirian ku 1A nuduhkeun wawaran (déklaratif), 1B nuduhkeun pananya (interogatif), 1C nuduhkeun paréntah (imperatif), 1D nuduhkeun panyeluk (aklamatif).

Analisis séjénna nuduhkeun wanda aspék kedaling dicirian ku 2A nuduhkeun aspék sosialisasi, 2B nu nuduhkeun aspék sikap inteléktual, 2C nu nuduhkeun aspék émosi, 2D nu nuduhkeun aspék informasi faktual, 2E nu nuduhkeun aspék moral, jeung 2F nu nuduhkeun aspék ngungkuluan masalah.

Analisis nu nuduhkeun judul kumpulan carpon *Kasambet* Karya Ahmad Bakri nyaéta dicirian ku KS nu nuduhkeun judul carpon *Kasambet*, BY nu nuduhkeun judul carpon *Budak Yatim*, LB nu nuduhkeun judul *Lebaran*, ML nu nuduhkeun judul *Mulan*, JL nu nuduhkeun judul *jalir*, SOR nu nuduhkeun judul *Si Oji Ragrag*, NJ nu nuduhkeun judul *Nu Jajaluk*, SAD nu nuduhkeun judul *Si Asdi Diculik*, MAG nu nuduhkeun judul *Ma Awit Gering*.

Tuluy dina fungsi kalimah nu nuduhkeun fungsi kalimah aspék kedaling dicirian ku 3A nuduhkeun kalimah komisif, 3B nuduhkeun kalimah Impositif, 3C nuduhkeun kalimah ékspresif, jeung 3D nuduhkeun kalimah asértif.